



BAB I

BUBUKA

1.1. Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan, manusa ngusahakeun meunangkeun rupaning pangaweruh. Salah sahiji pangaweruh anu dipibanda ku manusa anu mangrupa hasil tina kagiatan ngamangpaatkeun kamampuh dasarna nya éta dina wangu basa.

Basa mangrupa pakakas manusa pikeun ngayakeun interaksi di masarakat. Ku kituna, manusa diperedih pikeun parigel dina ngagunakeun basa. Salian pikeun pakakas komunikasi, basa ngabogaan fungsi pikeun nepikeun émosi, kahayang, gagasan atawa pikiran manusa ka manusa séjénna. Basa anu dipilik ku manusa bisa diwujudkeun dina wangu lisan jeung tulisan.

Basa diwangun ku unsur-unsur katatabasaan. Unsur fonologis dipaluruh ku fonologi nu ngawengku fonétik jeung fonémik. Unsur morfém jeung kecap dipaluruh ku morfologis. Unsur frasa, klausa, kalimah, jeung wacana dipaluruh ku sintaksis (Sudaryat, 1997: 5-6).

Morfologi diantarana medar perkara kecap jeung prosés morfologis. Kecap nya éta morfém atawa kombinasi morfém anu mangrupa wangu pangleutikna tur bisa diucapkeun jadi wangu bébas, wangu basa anu madeg mandiri, diwangun ku hiji atawa gabungan sababaraha morfém (Kridalaksana, 1982 :76). Papasingan kecap dina basa Sunda aya dalapan rupa, nya éta: (1) kecap barang (nomina), (2) kecap pagawéan (vérba), (3) kecap sipat (ajéktiva), (4) kecap bilangan (numéra),

(5) kecap panambah (advérbial), (6) kecap pangantét (Preposisi), (7) kecap panyambung (konjungsi), (8) kecap panyeluk (interjéksi); (Sudaryat, 1997: 65).

Ari kecap sipat téh nya éta kecap nu nerangkeun kecap barang, kumaha rupana (bangun/warna), rasana, ambeuna, bakatna, kaayaanana, contona: beureum, amis, pinter.

Prosés morfologis dina basa Sunda aya tilu rupa, nya éta: (1) prosés ngararangkénan (afiksasi) nu hasilna disebut kecap rundayan, (2) prosés ngarajék (réduplikasi) nu hasilna disebut kecap rajékan, jeung (3) prosés ngantétkéun (komposisi) nu hasilna disebut kecap kantétan (Prawirasumantri, 1990: 29).

Salah sahiji prosés morfologis dina basa Sunda aya nu disebut prosés ngarajék anu ngahasilkeun wangun kecap nu disebut kecap rajékan. Dumasar kana fungsina, kecap rajékan dina basa Sunda aya lima rupa, nya éta: (1) fungsi nominal, (2) fungsi verbal, (3) fungsi ajéktival, (4) fungsi numeral, (5) fungsi fungsional (Sudaryat, 1997: 55-56).

Kecap sipat rajékan mangrupa kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina anu mangrupa hasil tina prosés ngarajék kecap wangun dasarna sageblengna atawa sabagian, boh binarung ku variasi foném boh henteu, bias maké rarangkén bisa henteu.

Salah sahiji usaha maluruh kecap sipat rajékan, bisa tina wacana karya sastra, di antarana novel. Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plot-na kompléks (ngarancabang).

Saenyana panalungtikan ngeunaan kecap sipat basa Sunda téh geus aya, pangpangna ngadéskripsiun kecap sipat nu geus nyampak. Ari panalungtikan sacara husus kecap sipat nu dirajék mah tacan aya. Dumasar kana pedaran di luhur panalungtikan anu nuduhkeun Kecap Sipat Rajékan dina Novel *Galuring Gending* Karya Tatang Sumarsono téh perlu dilaksanakeun.

1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1. Watesan Masalah

Kecap sipat téh kaasup kana salah sahiji warna kecap. kecap sipat bisa disawang tina segi wanguuna, saperti kecap asal, kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap kantétan. Ieu panalungtikan diwatesanan kana kecap sipat rajékan. Bahasan ieu panalungtikan ngawengku wangun dasar, wanda, fungsi, jeung harti.

1.2.2. Rumusan Masalah

Tina watesan masalah di luhur baris dirumuskeun masalah saperti ieu di handap.

- 1) Kecap sipat rajékan anu kapanggih dina novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono?
- 2) Kumaha wangun dasar kecap sipat rajékan dina éta novel?
- 3) Kumaha wanda kecap sipat rajékan dina éta novel?
- 4) Kumaha fungsi kecap sipat rajékan dina éta novel?
- 5) Kumaha harti kecap sipat rajékan dina éta novel?

1.3. Tujuan Panalungtikan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1. Tujuan Panalungtikan

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta meunangkeun gambaran ngeunaan kecap sipat rajékan dina novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono. Sabada ditalaah, dirumuskeun sababaraha usulan alternatif anu dipiharep mangpaat pikeun usaha ngungkab sacara gembleng kecap sipat rajékan dina karangan sastra dina wangu novel.

Sacara husus tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsiéun:

- 1) Kecap sipat rajékan naon waé anu aya dina novel *Galuring Gending* karya Tatang Sumarsono;
- 2) Wangun dasar kecap sipat rajékan dina éta novel;
- 3) Wanda kecap sipat rajékan dina éta novel;
- 4) Fungsi kecap sipat rajékan dina éta novel; jeung
- 5) Harti kecap sipat rajékan dina éta novel.

1.3.2. Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep méré mangpaat boh sacara tioritis boh sacara praktis. Sacara tioritis ieu panalungtikan bisa mekarkeun élmu pangaweruh ngeunaan tata basa Sunda. Sacara praktis, ieu panalungtikan bisa dijadikeun sumber bahan pangajaran ngeunaan kecap sipat rajékan keur guru jeung bisa ngabeungharan pangaweruh katut méré conto-conto ngeunaan kecap sipat rajékan.

1.4. Wangenan Operasional

Anu jadi wangenan operasional dina ieu panalungtikan di antarana:

- a. Kecap sipat rajékan mangrupa kecap anu nuduhkeun sipat atawa kaayaan barang katut gagantina anu mangrupa hasil tina prosés ngarajék kecap wangun dasarna sagemblengna atawa sabagian, boh binarung ku variasi foném boh henteu, bias maké rarangkén bisa henteu
- b. Novel nya éta prosa rékaan (fiksi) nu naratif (ngawujud lalakon), umumna panjang sarta galur caritana atawa plot-na kompléks (ngarancabang).

Dumasar kana wangenan di luhur, bisa dicindekeun yén anu dimaksud kecap sipat rajékan tina novel *Galuring Gending* karya Tatang Somarsono nya éta kecap sipat nu mangrupa hasil tina prosés ngarajék anu dianalisis tina jihat wangun, wanda, fungsi, jeung harti.

1.5. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan téh aya dua, saperti ébréh di handap ieu.

- 1) Kecap sipat rajékan bisa kapanggih dina wacana novel *Galuring Gending*, sabab éta novel téh diwangun ku wangun-wangun katatabasaan.
- 2) Novel nya éta salah sahiji karya sastra anu diwangun ku unsur-unsur katatabasaan. éta unsur téh bisa ditalungtik tina jihat katégorisasi.